Konflik mulai memuncak ketika Rara Suminten mendengar Warok Gunaseca, bapaknya, berteriak-teriak memanggil Sibuh. Adegan ini memperlihatkan Rara Suminten mendengar bahwa Raden Subrata telah menolak dijadikan suami Rara Suminten. Rasa kecewa, sedih, dan putus asa diperlihatkan penyaji dalam membangun emosi yang juga didukung

dengan musik bertempo naik, sehingga penyaji dalam membangun karakter dan emosi dapat seimbang dengan keselarasan musik. Dari adegan tersebut tangga dramatik mulai terbangun, lakuan yang ditunjukkan penyaji juga mengikuti suasana emosi yang dibangun sejak konflik dimulai.

Setelah adegan pemunculan konflik, adegan mulai memanas, musik juga terbangun pada adegan menuju klimaks. Adegan tersebut ditandai dengan adanya dialog Rara Suminten sebagai berikut.

Aku 'ki sapa ta? Aku 'ki sapa? Aku 'ki sapa wani-wanine nggayuh lintang sumunar? Aku 'ki sapa? Aku 'ki pancen dudu sapa-sapa. Lha wong kere kok wani-wanine ngimpi munggah bale, lagi arep ngimpi wae wis ketugel ngimpiku. Owalahhh Gustiii ... napa pancen mekaten lelakon ingkang kedah kula lampahi, Gusti? Apa pancen kaya ngono kuwi tumindake wong sing duwe kuwasa? Apa pancen wong sing nduweni kuwasa kuwi oleh sawiyah-wiyah marang pepadhane? Apa pancen bocah wadon ndesa kaya aku iki patut dipidak-pidak? Aku gela Kangmas Yen manut pitutur luhur sing diwulangake dening para sesepuh, dene anak kuwi kudu bisa ngabekti, mikul dhuwur mendhem jero marang wong tuwa. Paribasane, ora ateges anak kuwi kudu misungsungake ingkung gajah saben dinane, nanging anak bisa netepi kuwajibane ngabekti, wong tuwa wis kaya anguk-anguk lawange swarga. Oh, mesakake ... mesakake tenan Panjenengan kuwi Kangmas. Wis cidra marang dhawuhe wong tuwa, Panjenengan wis gawe Gusti Adipati kaya anguk-anguk lawange neraka.

Akan tetapi, setelah adegan tersebut, tokoh Rara Suminten menemukan titik pencerahan pada dirinya dan menyadari bahwa derajat keluarganya berbeda jauh dengan derajat Raden Subrata.

Kedatangan Warok Suramenggala dan Cempluk di rumah Rara Suminten, membuat hati Rara Suminten sedih karena mengingat kejadian tadi. Emosi Rara Suminten semakin memanas ketika Warok Gunaseca dan Warok Suramenggala bertarung adu kekuatan, yang diakhiri dengan kekalahan Warok Gunaseca. Sebelum adegan perangan, penyaji me-

nyisipkan satu adegan, yaitu adegan mendalang menggunakan kayu dengan bara api. Adegan ini dihadirkan penyaji sebagai simbol api yang mencerminkan semangat membara, tegas, dan berani. Adegan ini juga diperkuat dengan alunan musik yang semakin tajam oleh tabuhan instrumen *bonang*, *kempul*, dan *gong*, sehingga suasana yang terbangun terlihat agung tetapi penuh dengan kamarahan Rara Suminten. Pada adegan ini, karakter Rara Suminten yang tegas dan berani ditonjolkan.

Pada adegan menuju *ending* pertunjukan, Rara Suminten menyatakan sebagai berikut.

Aku Rara Suminten, ora trimaku ora mung merga kluwargaku sing wis dadi korban, oraaa!!! Nanging ora trimaku ya kanggo kabeh wong wadon Bumi Wengker, kanggo kabeh wong wadon neng Majapahit, lan kanggo kabeh wong wadon mbuh neng ngendi wae.

Rara Suminten di dalam bermonolog tersebut disertai dengan memukul dengan kayu yang masih menyala arangnya, dipukulkan pada wadah air yang diletakkan di atas kompor. Musik semakin tajam dan tempo yang dimainkan juga semakin cepat mengikuti emosi Rara Suminten.

Pada *ending* pertunjukan, Rara Suminten kembali berargumentasi mengenai perlawanannya terhadap hegemoni kaum lelaki yang telah menindas harga diri dan keluarganya. Dalam adegan ini Rara Suminten bermonolog: *"Wis 'ra jamane, wong wadon mung dadi kanca wingking, lan aku Rara Suminten, masiya mung 'cah wadon ndesa ora bakal ambruk lan sudi dipidaya dening lanangan anggak peh ndurweni kuwasa"* dengan menyesuaikan musik selesai. Musik penutup dimainkan, dan lampu *center* perlahan mati.

BAB IV

REFLEKSI KEKARYAAN

A. Analisis Kritis Naskah

Naskah *Parusa Kahyun* karya Rudyaso Febriadhi ini merupakan naskah yang berpijak pada cerita rakyat dari Ponorogo *Suminten Edan*. Naskah ini menggambarkan kegelisahan penyaji dalam melihat keadaan yang menimpa Rara Suminten dan kaum wanita dalam mencintai lelaki. Penyaji sangat geram saat melihat kaum wanita yang sangat lemah ketika dihadapkan dengan masalah percintaan. Hal bodoh yang sering dialami kaum wanita saat mencintai lelaki itulah yang melatarbelakangi penyaji menyusun suatu pertunjukan yang dikemas dengan gaya realis, dengan konsep garap *one man play*. Hal tersebut mendasari Rudyaso Febriadhi dalam mengupayakan untuk menulis naskah yang berlatar belakang Ponorogo, yang di dalam pengembangan ide-ide kreatifnya pada naskah dibantu oleh penyaji.

Seorang wanita akan mendudukkan kodrat dan dirinya di bawah laki-laki, tetapi tidak dengan harga diri. Hal tersebut sengaja ditampilkan dalam sebuah adegan tersendiri agar penyaji dan penonton mampu memahami sebuah makna bahwa sebuah hubungan percintaan selalu berawal dengan kegembiraan dan harapan yang berlebih. Di sisi lain, naskah *Parusa Kahyun* juga sebagai protes kekecewaan Rara Suminten dan kaum wanita lain kepada “kaum berkuasa” yang telah bertindak semena-mena kepada rakyat. Ketidakadilan tersebut yang sering terjadi di negara yang masih berkembang ini, hingga kekuasaan lebih diunggulkan daripada pengorbanan.

Di dalam naskah *Parusa Kahyun* terdapat beberapa *suspens* dan *surprise* yang sengaja dibangun agar penonton dapat menikmati dan bisa terkesan. Beberapa properti *setting* yang disuguhkan yang semula hanya mengejar nilai estetikanya ternyata harus diperhatikan secara detail. Oleh karena itu, ketika berbicara tentang pemeranan, properti *setting*, *hand property*, harus selalu dipertimbangkan dengan sebuah gagasan dan tema yang terkait untuk menunjang karya.

Penyaji dalam penciptaan tokoh Rara Suminten dibantu oleh beberapa pendukung untuk dapat mendukung peristiwa dan menjadi kelengkapan sebuah pertunjukan. Akan tetapi, penyaji terkadang menemui beberapa kendala dengan para pendukung khususnya aktor lain. Dalam hal ini penyaji berpihak sebagai seorang pengamat yang juga mengkritisi sebuah karya *Parusa Kahyun*.

Pertunjukan *Parusa Kahyun* karya Rudyaso Febriadhi masih memiliki kekurangan pada bagian dialog, artikulasi, rasa, *gesture*, dan kontrol emosi pada tokoh Rara Suminten yang dibawa penyaji. Emosi yang terbangun dari awal sering kali terlepas-lepas karena kurang fokus dan konsisten dalam menjaga kualitas rasa. Selain itu, pemain pendukung yang berperan sebagai tokoh imajinasi Rara Suminten, tidak dapat mengimbangi cara main penyaji, sehingga kekuatan dramatik yang terbangun menjadi kurang terpola. Beberapa musik yang ditampilkan dalam pertunjukan juga masih berfungsi sebagai pengiring pertunjukan, belum sebagai pembangun suasana dan pembangun dramatik adegan per adegan, sehingga yang terjadi antara pemain pendukung dan penyaji tidak dapat menikmati adegan dan dialog yang disampaikan.

Naskah ini diharapkan dapat menjadi apresiasi masyarakat serta dapat memotivasi dan berkreativitas dalam menghasilkan ide-ide baru dalam sebuah penggarapan pertunjukan drama dalam aspek seni teater maupun aspek keaktoran.

B. Hambatan dan Pengatasannya

1. Hambatan

Di dalam proses karya seni ini penyaji mengalami banyak hambatan dan kendala. Hambatan atau kendala yang dialami penyaji tentunya dapat dijadikan bekal dan masukan agar penggarapan karya seni berjalan sesuai dengan kriteria yang telah disepakati penyaji dengan para pendukung sajian. Adapun hambatan atau kendala selama berproses penggarapan karya seni ini ialah sebagai berikut.


- a. *Misscommunication* antara teman penyaji yang lain dalam pencarian tempat latihan, karena banyak yang sudah dipesan selama satu bulan lebih.
- b. Kesulitan menghapalkan naskah bahasa Jawa logat *Ponorogonan*, karena penyaji sudah empat tahun tinggal di Surakarta.
- c. Naskah *Parusa Kahyun* sudah empat kali mengalami perombakan, sehingga penyaji kesulitan dalam memahami, menghapal, dan mengaplikasikan naskah ketika naskah belum segera jadi dan disetujui oleh pembimbing.
- d. Kesulitan dalam memahami isian teks monolog Rara Suminten, karena tipe dialog yang digunakan penulis adalah tipe dialog yang menggunakan banyak imajinasi.

2. Cara Mengatasi

Cara mengatasi hambatan-hambatan selama proses penggarapan monolog dengan naskah *Parusa Kahyun* sebagai berikut.

- a. Harus ada komunikasi yang baik antara penyaji, Koordinator Program Studi Teater, dan tim produksi untuk menyetujui kesepakatan-kesepakatan yang telah dibuat bersama. Mahasiswa tentunya harus mengetahui tata cara memesan tempat latihan, sehingga tempat latihan dapat digunakan bersama dengan jatah waktu maksimal dua jam setiap pengebonan ruang latihan.
- b. Diharapkan tim produksi lebih jeli dan detail dalam menanggapi permasalahan pemesanan tempat latihan, agar proses latihan berjalan dengan lancar dan tidak ada kendala apa pun.
- c. Penyaji harus lebih ekstra mempunyai waktu latihan mandiri selain didampingi oleh sutradara dan pembimbing. Membaca naskah berulang-ulang kali perlu juga dilakukan untuk menambah daya ingat memori penyaji. Penyaji harus lebih sering observasi dan mengamati cara dialog dan logat masyarakat Ponorogo agar terbiasa dalam pengucapan dan tidak ada kesalahan makna dalam setiap dialog.
- d. Harus ada waktu khusus untuk bertemu antara penyaji, penulis naskah, sutradara, dan pembimbing, agar terjadi kecocokan ide dan konsep garap. Kurangnya waktu dan kesibukan pribadi penaskah mengharuskan penyaji menunggu proses pembenahan dan pengaplikasian terhadap naskah.
- e. Penyaji harus mempunyai pandangan yang jelas sebelum diarahkan oleh sutradara. Baik secara konsep, ide, maupun pesan yang

disampaikan kepada penonton, penyaji harus merinci dan mengerucutkan menjadi satu gagasan yang sempurna. Penyaji juga harus berlatih berimajinasi secara liar, agar mampu mengeksplorasi, membawakan, dan memahami naskah secara benar. Alangkah baiknya jika naskah setiap hari harus dibaca agar vokabuler dalam berimajinasi semakin kuat dan mempunyai penawaran-penawaran terhadap sutradara.



BAB V PENUTUP

A. Kesimpulan

Sebuah penciptaan karya seni yang dipentaskan tentunya melewati berbagai tahapan agar menjadi pertunjukan yang baik dan menarik. Berangkat dari kegelisahan penyaji terhadap cara berpikir kaum wanita dalam menghadapi dilema percintaan, membuat penyaji tergugah hatinya untuk mengungkapkannya melalui sebuah karya seni dan memilih naskah *Parusa Kahyun* sebagai karya ungkapnya.

Penyaji dalam setiap menciptakan tokoh membutuhkan metode agar tercipta atas kebenarannya tentang tokoh. Sebuah proses membutuhkan perencanaan, tidak sekedar spontanitas atau improvisasi. Kerja sama antara penyaji, pendukung, dan pembimbing menjadi tonggak berjalannya proses kekaryaan.

Penyaji selama menjalankan proses kekaryaan tidak terlepas dari berbagai halangan ataupun hambatan. Tokoh Rara Suminten yang merupakan tokoh biografi menjadikan penyaji tidak mudah dalam memvisualisasikan karakter tokoh yang bertolak belakang dengan karakter penyaji. Oleh karena itu, untuk mendukung penciptaan tokoh sangat dibutuhkan pengumpulan data mengenai karakteristik tokoh.

Sebuah karya seni tidak hanya bertujuan untuk menghibur penonton, tetapi juga harus mampu menyampaikan pesan kepada penonton. Dalam karya ini, penyaji bersama dengan tim yang terlibat berusaha memvisualisasikan kisah tokoh Rara Suminten dalam unsur keaktoran, tata artistik, dan tata suara. Pengkarya berharap karya ini tidak hanya

berhenti sampai tugas akhir, tetapi dapat berlanjut untuk menciptakan sebuah karya yang layak untuk dipertontonkan di hadapan publik.

B. Saran

Penyaji menyadari bahwa memahami karakter dan latar belakang seorang tokoh menjadi hal terpenting di dalam penciptaan tokoh pada sebuah karya teater. Penyaji juga menyadari bahwa keterkaitan semua pendukung pertunjukan berpengaruh besar di dalam proses. Tokoh Rara Suminten yang diperankan, penyaji gambarkan dengan karakter yang tegas dan berani, sehingga terjadi keseimbangan antara ide penyaji dan naskah *Parusa Kahyun* yang disusun oleh Rudyaso Febriadhi.

Penyaji menyadari bahwa pementasan karya seni ini masih jauh dari sempurna. Pementasan ini masih sangat memerlukan kritik dan saran yang bersifat membangun dari berbagai pihak. Penyaji juga mengharapkan adanya berbagai pendapat dan sudut pandang untuk memberi inspirasi dan solusi demi tercapainya pementasan yang lebih baik.

KEPUSTAKAAN

- Anirun, Suyatna. 1998. *Menjadi Aktor Pengantar kepada Seni Peran untuk Pentas dan Sinema*. Studikbud Teater Bandung dengan Taman Budaya Jawa Barat, dan PT. Rekamedia Multiprakarsa.
- Arifin, Max. 2002. *Toward Poor Theatre MENUJU TEATER MISKIN Jerzy Grotosky*. Yogyakarta: MSPI dan Arti.
- Iswantara, Nur. 2016. *Teori dan Praktek Seni Peran*. Bantul, DI Yogyakarta: Penerbit Media Kreatifa.
- Mitter, Shomit. 2002. *Stanislavsky, Brecht, Grotowski, Brook Sistematika Pelatihan Aktor*. Yogyakarta: MSPI dan arti.
- Novianto, Wahyu. 2014. "Pengetahuan Teater," Bahan Ajar Program Studi Seni Teater ISI Surakarta, naskah ketikan belum diterbitkan.
- _____. 2015. *Realisme Epik dalam Pertunjukan Lakon KUP Teater Segogurih Yogyakarta*. Surakarta: ISI PRESS.
- _____. 2016. *Teknik Dasar Pemeranan*. Surakarta: ISI Press.
- Pratiwi, Siswiyanti. 2014. *Teori Drama dan Pembelajarannya*. Yogyakarta: Penerbit Ombak (Anggota (IKAPI)).
- Shokiyah, Nunuk Nur. 2016. *Psikologi Teater*. Surakarta: ISI Press.
- Sitorus, Eka D. 2002. *The Art Of Acting Seni Peran untuk Teater, Film & TV*. Jakarta: PT Gramedia Pustaka Utama anggota IKAPI
- Yudiaryani. 2002a. *Panggung Teater Dunia, Perkembangan dan Perubahan Konvensi*. Yogyakarta: Pustaka Gondho Suli.
- _____. 2002b. *Stanislavsky, Brecht, Grotowski, Brook SIATEM PELATIHAN LAKON Shomit Mitter*. Yogyakarta: MSPI dan Arti.

WEBTOGRAFI

Anonim, "Apa Itu Psikoasis?," <https://hellosehat.com/penyakit/psikosis-adalah/>, 22 September 2016

Anonim, "Penelitian Kualitatif Metode Pengumpulan Data," <https://fitwiethayalisi.wordpress.com/teknologipendidikan/penelitian-kualitatif-metode-pengumpulan-data/>, September 2019.

Anonim, "Pengertian Evaluasi: Arti, Tujuan, Fungsi dan Tahapan Evaluasi," <https://www.maxmanroe.com/vid/manajemen/pengertian-evaluasi.html>,"

Anonim, "Pengertian Improvisasi dalam Teater, Jenis dan Fungsinya," <https://ilmuseni.com/seni-pertunjukan/seni-teater/pengertian-improvisasi-dalam-teater>," 10 September 2019.

DivarestyaDewi, "Sebutkan dan jelaskan struktur cerita menurut Aristoteles," <https://www.google.com/search?client=firefox-b-d&q=kontruksi+plot+oleh+aristoteles>, 6 November 2018

Purwadi dan Purnomo, "Kamus Sansekerta-Indonesia," <https://alangalangkumitir.wordpress.com/kamus-sansekerta-indonesia/>, 10 September 2019

Riany, "Jangan Terlalu Yakin Anda ditaksir Orang, Bisa Jadi Malah Gejala Psikologis," <https://hellosehat.com/hidup-sehat/psikologi/gangguan-psikologis-erotomania/>, 3 Maret 2018

NARASUMBER


Paiman, 60 tahun, Juru Kunci Makam Rara Suminten dan Warok Gunaseca. Desa Siman, Kec. Siman, Ponorogo.

Toni, 40 tahun, Pengendang/Penggiat Seni. Desa Siman, Kec. Siman, Ponorogo.


Mesdi, 75 tahun, Pengrajin Reyog. Jl. Larasati Surodikraman, Ponorogo.

Untung Wibawa, 45 tahun, Pembarong/Penggiat Seni. Jl. Ontoseno, Krandegan, Kepatihan, Ponorogo.

Bambang, 55 tahun, Lurah Desa Siman. Desa Siman, Kec. Siman, Ponorogo.




GLOSARIUM



Blocking	: Penempatan posisi aktor diatas panggung.
Bullying	: Intimidasi atau penindasan terhadap orang lain.
Delusi Erotomania	: Suatu bentuk gangguan kepribadian saat para penderitanya memiliki keyakinan bahwa orang lain memendam perasaan cinta kepada si penderita atau mungkin memiliki suatu bentuk hubungan intim.
Eksplorasi	: Penjelajahan lapangan dengan tujuan untuk memperoleh pengetahuan lebih banyak.
Endel	: Sikap yang manja dan genit.
Familier	: Bersifat kekeluargaan atau akrab.
Gesture	: Suatu bentuk komunikasi non verbal dengan aksi tubuh yang terlihat mengkomunikasikan pesan-pesan tertentu, baik sebagai pengganti wicara atau bersamaan dan paralel dengan kata-kata.
Improvisasi	: Aktivitas teater yang muncul karena adanya sifat spontanitas.
Melodrama	: Pergelaran, seperti sandiwara atau film, dengan lakon yang sangat sentimental, mendebarkan, dan mengharukan, yang lebih mengutamakan ketegangan daripada kebenaran.

- One Man Play : Jenis monolog yang hanya menekankan pada penciptaan karakter-karakter tokoh sehingga karakter yang diciptakan benar-benar mirip dengan karakter aslinya.
- Parusa Kahyun : Bahasa Sansekerta yang mempunyai arti Keinginan yang tajam dan menusuk.
- Property : Sesuatu yang dapat dimiliki seseorang.
- Via negativa : Metode penciptaan tokoh oleh Jerzy Grotowski yang menghilangkan hal-hal yang berlebihan dan hanya fokus pada aktor.



LAMPIRAN I

NASKAH TUGAS AKHIR *PARUSA KAHYUN*



PARUSA KAHYUN

KARYA RUDYASO FEBRIADHI

Suminten mlebu panggung banjur dialog....

SUMINTEN : Wes ra jamane wong wadon mung dadi konco wingking. Aku, Rara Suminten masio mung cah wadon ora bakal ambruk lan sudi kaniyaya dening lanangan anggak peh nduweni kuwasa.

Sabanjure bapak mlebet panggung, polah beksan warok ndudohake bungah e atine amerga anake wedok Rara Suminten bakal didhaupake karo Raden Subroto putra Adipati Nata Kusuma... sakbanjure polah bapak uga dialog...

GUNASECA : Weee...lhadalahh.....hahahahahahaaaaaa..... wong yen wani rekasa. Bakal tinemu begja ing tembe mburine. Hahahaaaa..... dhapure begal-begal curut alas Pule tekan Sawoo banjur mungkret, wedi, pucet kaya ra duwe getih sawise pentholane dakpungkasi nyawane. Saiki wis ora bakal ana meneh begal sing wani ngraman ana ing Kadhipaten Trenggalek. Yen isih nekad, bakal ngadhapi iki....Aku....Gunoseco sing bakal ngrantasi. Ndhuk cah ayu anakku Suminten, entenana Bapak ya Ndhuk. Sedhela meneh kowe bakal didhaupake karo Raden Mas Subroto, Putra Adhipati Nata Kusuma. Hhmmmmmm.....jan jane yen dakpikir, drajatku klawan drajate Gusti Adipati Nata Kusuma kayadene langit karo mendhung. Padha padha dhuwur nanging tetep beda dhuwure.

Ananging yen pancen iki wis dadi rejekine Suminten,
tegehe anakku wadon kae wis nampa kanugrahan.
Wis kewahyon. Wis dadi kersane Gusti Kang Akarya
Jagad. Ya, muga-muga kowe kuat nampa kanugrahan
iki ya Ndhuk...

*Suminten angen-angen Raden Subroto, mbayangke bagus lan gagah e
Raden Subroto sinambi nembang Asmarandhana, suasana sendu...*

SUMINTEN : Ngumandhang kidung pamuji
Arum angglandhang mring kapang
Wong bagus dadi labuhe
Ngrembuyung memanuhara
Ujare lara branta
Nanging bremara tan kasdu
Mangrurah mring sekar liya

Manuke padha muni bareng-bareng? Dadi rame kaya ngene... perkutut,
prenjak, jalak.. arep ana apa ya? Apa arep ana dhayoh teka? Njur sapa
sing arep teka ning umah kena? Sik... sik mengko dhisik, Suarane manuk
emprit ganthil kae ya krungu cetha tekan kene. Manuk emprit ganthil kui
nyuwara yen ana kedadeyan.....

Kedadeyan apa ya, arep enek apa ya?

Atiku kok dadi ndredek koyo ngene... bapak ya durung kondur, ning
omah mung karo sibu, angine semribit kaya ngene... atiku samsaya
sumelang ra karuan....

Krungu tekan njobo suarane bapak, bengok-bengok nyeluki Minten...

GUNASECA: Minteeeeennnn... Mintenn...

Matur sembah nuwun Gustii... bapak kondur, bapak rawuh pasuryane mencorong koyo cahyane srengenge wayah esuk, blegere katon gagah pideksa kaya Raden Werkudara, nanging nganggo mesem, Raden Werkudara lak ora mesem... Kamangka tindake ketok atos, kaku.. ya memper wong arep goleki begal lan rampok sing gaene ngraman ning trenggalek... bapak banjur nyawang aku, karo mesem, ngguyu ngakak njur negndikan...

"Huahahhahahhaaha... "Nduk cah ayu Minten.... dakkandani, bapak nduwe pawarta sing nyenengake kanggo awakmu nduk, ora mung kanggo awakmu, nanging ugo kanggo awake dhewe sakaluwarga"

Pawarta nopho to niku pak?

"Awakmu ngerti? Sedhela meneh bakal ana salah sawijing warok ing bumi Wengker iki sing besanan karo Adipati".. pie ndhuk? lhadalah.. warok sopo sing dikarepake bapak? Warok sing tak ngerteni ora akeh, ya mung bapak, paklik Suromenggolo karo Eyang Demang, "Awakmu bakal entuk kanugrahan nduk, mangertio Gsuti Adipati Nata Kusuma bakal ndhaupake putrane yaiku Raden Subroto karo anak e Warok Gunoseco, karo awakmu cah ayu.... huauahahahaha" heeee? Mengko dhisik to, aku ngimpi apa piye? Rumangsaku aku ra entuk sasmita apa-apa sakdurunge saka Gusti.... aku ra bisa mangsuli pangandikane bapak, aku ra ngerti kudu kepriye, aku ra ngerti nalika kuwi rupaku kaya kepriye... Pak kulo badhe didhaupke kaleh Raden Subroto pak? Raden Subroto niku priyayinipun kados priyun to pak? ... "Bagus Nduk, gagah pideksa, cahayne kaya rembulan tanggal limalas, paningale bening pating kerlip kaya lintang ing angkasa, pakulitane resik" Bapak, Becik utawi

bagus mboten wigati kagem kulo pak, ingkang wigati kagem kulo menika kapribadenipun.. “putra adipati kui mesthine lagyo luhur budi pekertine to, hahhaaa” Waaaah.. aku bakal didahupne karo putra Adipati Nata Kusuma, aku bakal didhaupne karo Raden Subroto... Heeee.. aku arep Rabii.....!!!! Budheeee.... !! aku arep rabi budhe... ehh lik Buliiikk.. aku arep rabi,.. kabeh kudu ngerti yen Rara Suminten arep rabi karo Raden Subroto, kabeh kudu weruh yen Rara Suminten bakal dadi puteri mantu kadhipaten Trenggalek.... he kangg... aku arep rabi kang.... Yu mbakyuuu aku arep rabi.... hoeeee sedulur-sedulur Suminten arep rabi, Rara Suminten putera ne warok Gunoseco arep rabi.... Waah jann, sing tak sawang dadi sarwa endah lan nyenengake, kembang-kembang lan wit-witan ning sakiwa tengene omah dadi sarwa seger, ijo royo-royo, melu bungah karo pawarta sing nyenengake iki.....

Wehh.. aku ki lagi kelingan, manuk-manuk sing cemuwit rame banget mau ki sasmita sing nuduhake kahanan iki to, ealahhh Gusti Gusti...

Sabanjure, Saben dina sibu tlaten muruki aku kepiye carane dadi putri mantu adipati sing patut... “Nduk Minten, rungokna sibu ya, njur wangsulana werdine apa... bekti nastiti ing kakung, lair batin aja esak, nglakoni tuduhing laki, laki ciptanen bandara, mapan wong puniki”..... Nggih sibu nggih menika bekti, teliti, patuh lair batin ojo sujono utawa sreji, nglakoni perintah keng garwa, sedaya menika dados kewajiban tiyang estri.... “Pinter nduk cah ayu, kaping pindo..Wajib manut marang kakang, aja pisan amapaki, marang karepe wong lanang, sayekti wajib ngabekti”..... Nggih sibu, nggih menika wajib miturut keng garwa, ojo nganti ngengkel kersane keng garwa, menika dados kewajiban tiyang estri... “ Sing pungkasan nduk.. Den kayeng pol manahira, yen ora

kersane laki, tegese pol agampang sabarang kersaning laki”.... Nggih menika ingkang tentrem atine, ingkang sabar marang kersane keng garwa sibu... “Apik nduk, awakmu wes patut dadi putri mantu adipati.... kejaba kui aku kudu iso nguwasani babagan wigati ben samsaya patut dadi garwane Raden Subroto... kaping pisan ngrumat awakku.. Ngupakareng dhiri yaiku njaga awak, manjernih mardiwani wawiha ganda rum-arum, yaiku ngrawat rambut ngenggo wewangi-wangian, ngrumarah ngadiwarna yaiku macak, winar ing naya manis yaiku bungah lan sumeh...

Kaping pindo setia... Setyeng priya datan lenggana kaya Dewi Wara Sembadra yaiku setia marang keng garwa, ora sak karepe dhewe, sabanjure bisa cawis anggadeni kang dadi kareming priya kaya Dewi Ulupi, yaiku iso nyepaki lan mituruti kabeh kersaning keng garwa., pungkasane Amung lawan kakungipun, kalamun den andikani, patitis saulanira yaiku nek dituturi keng garwa mesthi nggugu kaya Dewi Wara Srikandi...,

Kaping telu omangan kang becik..... Lumih ing sendhu yaiku ora omongan sing nglarakne ati kaya Dewi Wara Sembadra... Kabeh mau ya ben tresnane kangmas Subroto mung tumancep kanggo aku thok, ben mbesok kui aku ora di wayuh... hihihihii... Hlohkh kangmas Subroto..

Suminten mlebu ning angen-angen e dhewe minangka kekarepane sesandhingan karo Raden Subroto, jebul Suminten karo Raden Subroto nari pasihan..... Rasa seneng lan bungah sing dirasakne Rara Suminten dadi siji, nganti ora krasa lan ora ngira yen kui mau amung angen-angen...

Saben jalma tansah gadhahi pengangen-angen lan gegayuhan ananging sok rikala mangsane ora kasembadan koyo apa sing dikarepake amargi sedaya gumantung marang kang nata jagad.

Ora biasane bapak rawuh ning omah bengok-bengok nimbali sibu...

Arep ana apa ya?

Gunoseco kaliyan ibu dialog ngekei kabar, minangka Raden Subroto malik tingal lan ora sido dhaup karo Suminten. Adegan iki bebarengan karo Suminten nari kaliyan Subroto, minangka khayalan e Suminten dhewe.

GUNASECA : Bune... bune..

IBU : Wonten napa kangmas?

GUNASECA : Raden Subroto ora kersa didhaupake karo Suminten Bune...'

IBU : Raden Subroto mboten kersa dipundhaupaken kaliyan Suminten? Owalah Gusti... kedadeyanipun kok dados mekaten punika dos pundi? Gek banjur nasibe anak kulo pripun kakang? Punapa mboten klentu pawarta ingkang kula tampi punika kakang?

GUNASECA : Rasane kaya kejugrukan gunung gamping, utawa kaya kesamber elap mengampar ing wayah awan. Sing sabar bune.. saiki kuwajibane awake dhewe kepriye carane kandha marang anakmu , supayane ora brubuh rubuh rasaning atine. Pancen ora bisa

teteg yen dipikir. Nanging pawarta iki kudu dikandhaake marang Minten, bune..

IBU : Owalah pakne... kulo mboten tega pakne... kulo ajrih bakal nglarani Suminten...

GUNASECA : Pancen lara, bune... Genah lara ra karuan.. perih lan seseg rasa ning dhadhaku. Ora nyangka ora ngiro... Raden mas Subroto sing kepara nyata putra Adipati Nata Kusuma sing lenggah ana ing bumi Trenggalek, wis tega nyidrani apa kang wis dititahake keng Ramane. Duh.. aja dikiro aku bisa nampa kasunyatan iki Bune, aja dikiro aku wis ikhlas nampa. Durung!! Yen wong liya isih ora patia krasa ngiris batin. Nanging sing dikersakne Raden mas Subroto kuwi isih kadang e dhewe , Bune..

IBU : Kadang piyambak? Sinten kakang?

GUNASECA: Cempluk. Anake kadangu, Suromenggolo.

IBU : Cempluk? Owalaahh nduk nduk... mbok kowe ki ngalah wae marang mbakyumu Suminten iki, nduk..

GUNASECA : Cempuk ra luput Bune. Samsoyo bapake Suromenggolo ya ora luput babar pisan. Sing dadi tuk punjere perkara iki pancen ora liya ya ning kapribadhene Raden Subroto. Iki sing kudu dipetung, Bune. Iki sing kudu dipetung. Yen perlu aku bakal

mungguh dhatulaya Kadhipaten Trenggalek, matur sisan marang ngarsane Adhipati Nata Kusuma.

IBU : Panjenengan badhe matur napa, Kakang?

GUNASECA: Ya kahanan sing kaya ngene iki, Bune..

IBU : Kula ajrih Kakang. Kulo ajrih menawi lelakonipun dados kedawa-dawa. Panjenengan punika dereng dangu sampun nampi kanugrahan saking Gusti Adipati Nata Kusuma.

GUNASECA : Aku ngerti Bune... Ngerti. Nanging banjur nasibe Suminten iki mengko kepiye?

IBU : Kakang, Gusti Nata Kusuma punika Adipati. Adipati ingkang kala wingi sampun paring kamulyan dhumateng kita sakaluwarga.

GUNASECA : Apa banjur aku, Warok Gunoseco saka Bumi Wengker iki meneng wae weruh anake wedok ra duwe aji meneh merga dikipatake karo Subroto.

IBU : Ampun ngendikan kados mekaten wau Kangmas.

GUNASECA : Aku ora trima, Bune. Ora trima..

IBU : Ampun ngantos kanugrahan ingkang panjenengan ingkang tampi kalawingi dados bebaya ingkang mboten saget dipunselaki. Kuli ajrih Kakang, kula ajrih..

GUNASECA : Lha nanging apa aku banjur meneng wae, Bune.
Coba wangsulana, Aku kudu kepiye saiki? Hee?

IBU : Ingkang sareh Kakang..

GUNASECA : Gamanku ndi gamanku, ora trimo aku bune,
gamanku ndii.....

Berlari mengambil gaman/senjata....

Bapakku warok Gunoseco, wong agung kasinggung, wong sing wus bekti marang negara malah diwirangake lan sak kaluwarga dadi wong apik sing ketampik...

Bapak ora trimo ajining dhiri wong wengker di pidak-pidak semono ugo aku.. nanging.. Owalahhh Gustii... Aku ki sapa ta? Aku ki sapa? Aku ki sapa wani-wanine nggayuh lintang sumunar? Aku ki sapa? Aku ki pancen dudu sapa-sapa. Lha wong kere kok wani-wani ne ngimpi mungga bale, lagi arep ngimpi wae wis ketugel ngimpiku. Owalahhh Gustii.. napa pancen mekaten lelakon ingkang kedah kulo lampahi Gusti.. Apa pancen kaya ngono kuwi tumindake wong sing duwe kuwasa Apa pancen wong sing nduweni kuasa kuwi oleh sawiyah wiyah marang pepadhane? Apa pancen bocah wadon ndesa kaya aku iki patut dipidak-pidak? Aku gela Kang Mas..... yen manut pitutur luhur sing diwulangake dening para sesepuh, dene anak kuwi kudu bisa ngabekti, mikul dhuwur mendhem jero marang wong tuwa. Paribasane, ora ateges anak kuwi kudu misungsungake ingkung gajah saben dinane, nanging anak bisa netepi kuwajibane ngabekti, wong tuwa wis kaya anguk-anguk lawange swarga. Oh, mesaake. Mesaake tenan panjenengan kuwi Kang Mas. Wis cidra

marang dhawuhe wong tuwa, panjenengan wis gawe Gusti Adhipati kaya anguk-anguk lawange neraka.

Kejaba kuwi panjenengan wis dadi wong lanang wis ngasorake drajate dhewe. Panjenengan wis dadi wong lanang ilang kaprawirane, panjenengan minangka putra Adipati ngumbar nepsu angkara murka nggedeake duraka, njabane putih njerone dhadhu. Owalaahhh Gusti.. Gustii.. susahe dadi wong cilik sing anggak ketunggak, angkara murka saya ndadi, angkara murka ngambra ambra, duraja samsaya sampurna. Kuwi kabeh mlebu tanda-tandane bakal nemoni wolak waliking zaman, kaya sing di ngendikaake Prabu Jayabaya.

Aku ora trima, gegayuhanku akhire amung dadi Parusa Kahyun sing ngebot-boti lelakonku. Aku ora trima, saiki aku wis ngerti, yen pancen tresna panjenengan wus tumiba marang Cempluk ingkang sampun dipangestuni dening Gusti Adipati Nata Kusuma. Kui tegese Gusti Adipati Nata Kusuma mboten enten bedane kaliyan panjenengan, lali kebecikan, panguwasa sing wani nglanggar sumpahe dhewe ora netepi jani, ora ngendahake hukum Hyang Widhi.

Pancen bener aku ora kena lali marang sapa sejatine awakku dhewe iki. Aku kudu eling. Eling sapa sejatine aku. Eling menawa drajatku pancen mung semene. Aku ngertu saiki, kahanan sing kaya ngene iki wis dadi pepesthene Gusti Kang Murbeng Dumadi. Ben aku tansah eling, kaya piwulang luhur sing wis diwulangake para sesepuh. Yen aku ngerti ning endi manggon lungguh lan ngadegku, sing cetha pancen beda karo panggone Raden Subroto. Owalah Gustiii... matur sembah nuwun

sampun paring pepeling dhumateng kula ingkang nandang kesupen punika Gustii..

Dumadakan Cempluk mlayu nubruk aku karo nangis. Banjur lungguh nglesot neng ngisor karo ngrangkul sikilku. Dhasare Cempluk kuwi ya wis kaya adhiku dhewe. Arep dakdegne daklungguhke kursi dheweke ora gelem. Karo nangis dheweke ngomong yen njaluk pangapura babagan Raden Subroto. Byungalaahh Pluk...Cempuk.....lha wong kowe kuwi ra luput babar pisan. Nasibe awake dhewe ora beda adoh. Padha-padha mung dadi wong wadon sing kapusan. Ugi panjenengan paklik Suromenggolo. Kulo sak keluawarga lan panjenengan sak keluawarga sami-sami tiyang ndeso sing kapusan solah priyagung.

Warok Gunoseco lan warok Suromenggolo mlebu panggung lan dialog ugi tandhing adu olah kanuragan, sabanjure warok Gunoseco lumpuh dayane, banjur Rara Suminten bacutne monolog maleh...

GUNASECA : Gusti Adipati kula ingkang sowan Gusti..

SUMINTEN : Jaja muntab lir kinetab..

Jaja Bang mawenga wengis

Netra Kocak ngondar-andir... oooo..

SURAMENGKALA : Kang Guno, arep nyandi kang?

SUMINTEN : Kerot-kerot kanang waja..

Wadana mbranang kembang wora-waribang..

Yen sinabet merang sagedel bel mobal dahanane...

GUNASECA : Aku arep sowan marang kersane Gusti Adipati, para lenggah kae yen ora dielingake bakal tumindak nranyak saklawase.

SURAMENGKALA: Ojo kang ora usah,.

GUNASECA : Rausah, hee...

SURAMENGGALA: Iyo..

GUNASECA : He, Sura apa kowe kuwi apa lali karo dawuhe keng ramamu dhewe Adipati Suryangalam... Ojo mung Adipati, Ratu wae yen tumindak luput kudu dielingake ben ora tumindak nranyak sak karepe dhewe.

SURAMENGGALA: Nanging kang sampeyan yo ojo lali marang ngendikakake para sesepuh kae, aku karo kowe kudu pinter-pinter njogo bumi wengker, ora mung ayem lan raharjane kawula nanging ya ajining dhiri wong wengker kang.

GUNASECA : Malah yen awake dhewe kuwi meneng wae ajining dhiri wong wengker bakal dipidak-pidak saklawase.

SURAMENGGALA: Ora kang ora.. iki ora perkarane Minten utawa Cempluk sing bakal dadi garwane Raden Subrata, nanging iki perkarane kowe warok ing bumi wengker sing bakal sowan ning Kadipaten Trenggalek.

GUNASECA : Yowes ben, kuwi ben dadi urusanku dhewe.

SURAMENGGALA: Ora iso kang iki yo dadi urusanku amarga aku yo salah sijining warok sing urip ning Wengker kene.

GUNASECA : Heh wes wani kowe karo aku hee..

SURAMENGGALA: Sepuraku kang, yen awakmu dikandani nganggo cara alus ra kena kepeksa aku nganggo cara atos kang..

GUNASECA : Iblis laknat... kurang ajar kowe!!!

Bapak lumpuh dayane, ilang kakuatane sawise diasorake dening Paklik Suromenggolo. Ananging ewo semono, sabanjure ora ana rasa musuhan antarane kluwargane Warok Gunoseco lan kluawargane warok

Suromenggolo.

Banjur paklik Suromenggolo negndika, yen ora bakal kersa besanan karo Adhipati Nata Kusuma. Ora ateges ora gelem njunjung dhuswur dhawuhe Gusti Adipati, nanging minangka kanggo njaga rasa pangrasa antarane kulawarga warok ana bumi Wengker iki. Ora ana crah congkrah antarane kulawarga Warok Gunoseco lan kulowarga Warok Suromenggolo, amung merga solah priyagung sing cidra marang tatanan urip, ya kui Subroto. Warok Gunoseco lan warok Suromenggolo saklaran padha-padha siswane Eyang Demang Ki Ageng Kutu Suryongalam. Eyang Demang Ki Ageng Kutu Suryongalam sampun nglawan ratu Majapahit sing wis sawenang-wenang marang wong Bumi Wengker. Eyang Demang Ki Ageng Kutu Suryongalam nduweni jiwa tatag, teteg, tangguh, tanggon, tanggap, lan tutug kang diturunake marang Warok Gunoseco, bapakku. Bapak ora trimo ajining dhiri wong bumi Wengker dipidak-pidak. Mulo kuwi banjur nglawan Adipati Nata kusuma sing sawenang-wenangan, Aku Rara Suminten ora trimaku ora mung merga kluwargaku sing wes dadi korban, oraa!! Nanging ora trimaku ya kanggo kabeh wong wadon bumi Wengker, kanggo kabeh wong wadon Majapahit utowo kabeh wong wadon mboh ning ngendi wae.

Wis ora jamane wong wadon mung dadi kanca wingking.

Aku Rara Suminten, masio mung cah wadon Ndeso, ora bakal ambruk lan sudi di pidaya dening lanangan anggak peh nduweni kuwasa.

LAMPIRAN II

NOTASI MUSIK PEMENTASAN TUGAS AKHIR

PARUSA KAHYUN

1) Intro

1 [: . 7̣ 1 7̣ 1 . . 1]

Pa - ru - sa kah-yun Pa-

ī 7̣ ī 5 3̣ . . 2̣ ī 7̣ 6 5 6 7̣ ī . ī 7̣ ī 5
3 . 7̣ 2̣ ī

Ca-ri-ta-ning ke-nya ing bu-mi Weng-ker Li-wung ling-lung nan-dang wu-yung

. ī 2̣ 3̣ . 3̣ 4̣ 3̣ 2̣ ī 7̣ 6 5 4 5
6 7̣ ī . 7̣

Ka-ci-dra ma-rang ri-sang pu-tra a-di-pati Ka-

2̣ ī . 7̣ . 7̣ . 2̣ ī . 55̣ 55̣ 55̣ 67̣ ī

pi-lut ing pra-ha-ra bran-ta as-ma-ra se-gi-ti-ga

Udhar kagetan bonang

3235 6 5 3 2 . 3235 6 5 3 2 . 5 3 2 . 5 3 2 . 5 3 2 1 . (.)

2) Jogedan Suromenggolo (Sampak)

dbdtbbb [: 3 1 3 (1)]

3) Ilustrasi Suminten bungah

. 3 5 5 . 3 . 7 . 6 5 3 . 5 . 6

. 6 . 5 . 3 . 2

. 1 2 2 . 1 . 4 . 3 2 1 . 3 . 2

. 2 . 3 . 5 . 6

↘ . 3 . 5 . 6 . 7

6 7 6 4 2 4 6 7 6 7 6 4 2 4 2 3

2 3 5 6 3 5 6 7 5 3 2 1

3 1 3 5 6 5 3 1 3 1 3 5 6 5 3 1

3 1 3 5 6 5 3 1 4

[. 4 . 4 . 4 . 3 . 3 . 3 . 3 . 2

. 2 . 2 . 2 . 1 . 1 . 1 . 1 . 4:]

4) Tembang Kasmara "Mabuk Gusti" (ciptaan Slamet Gundono)

56 6 6 5 6 5 3 2 2 3 1 2 1 26 2

tres-na-ku ma-rang Si-ra o-ra bi-sa di-gam-bar-na

2 3 5 5 5 5 5 5

a-dem-e ngung-ku-li ba-nyu

ī 2̇ 2̇ ī 6 5 3 2 3 1 2 6 1 2

a-nget-e ngung-ku-li ge - ni

ī 2̇ 2̇ 2̇ ī 2̇ ī 6

la-ngit ku-wi wis dhu-wur

2 2 2 2 3 1 2 1 6

la-ngit ku-wi wis dhu-wur

ī ð ð ð ð ð ð
nang-ing tres-na-ning-sun

1̇ 2̇ 2̇1̇ 6 2 2 2 2 2 312 2
 lu-wih dhu-wur ti-nim-bang la-ngit pi - tu

2 3 5 5 5 5 5
bu-mi ku-wi wis a-bot

5 6 65 46562 1 1 1 1 1216555 5
nang-ing tres-na- ku ngung-ku-li bu - mi

5) Gilakan (suasana tegang)

$$[\begin{array}{cccc} \oplus & \oplus & \oplus & \oplus \\ \oplus & \oplus & \oplus & \oplus \end{array}]$$

[6 5 6 1 2 1 6 5]

$$[\begin{array}{ccccccccc} 2 & 1 & 2 & 1 & & 2 & 5 & 6 & 1 \end{array}]$$

6) Ilustrasi Suminten sedih (suling bali)

$$[\cdot \cdot \cdot \cdot \cdot \cdot \cdot \cdot \cdot 1 \ 2 \ 3 \ 5 \ 6 \ 5 \ 6 \ 2]$$

. 1 2 1 6 5 6

3 5 6 2 2 3 5 3 5

. 3 5 6 5 6 . . 1 6 5 6 3 .5 31 2 . 1 . (.)]

7 7 6 6 7 7 5 5 3 3 5 5 3 3 1 1

. 5 . 1 5 . $\overline{153}$

2 2 1 1 2 2 3 5 6 5 6 . 3 5 2 3

. $\overline{.5}$ $\overline{31}$ 2 . 1 . (.) :]

7) Perang Gunaseca dan Suromenggolo (Sampak/Obyok Garap)

.tbt pppp

[: 1 $\overset{\sim}{1}$ 1 $\overset{\sim}{1}$ 1 $\overset{\sim}{1}$ 1 (3) 1 $\overset{\sim}{1}$ 1 $\overset{\sim}{1}$ 1 $\overset{\sim}{1}$ 1 (3) :]

[: 3 1 3 1 3 1 3 2 4 2 4 2 4 2 3 1 :]

vokal sampak

i

Ri-

. 6 $\overset{\cdot}{i}$ $\overset{\cdot}{2}$. $\overset{\cdot}{3}$ $\overset{\cdot}{2}$ $\overset{\cdot}{i}$ 5 6 $\overset{\cdot}{i}$ $\overset{\cdot}{2}$. $\overset{\cdot}{3}$ $\overset{\cdot}{2}$ $\overset{\cdot}{i}$

dhu mawur mangawur wurahan tengaran

5 6 $\overset{\cdot}{i}$ $\overset{\cdot}{2}$. $\overset{\cdot}{3}$ $\overset{\cdot}{2}$ $\overset{\cdot}{i}$ 5 6 $\overset{\cdot}{i}$ $\overset{\cdot}{2}$. $\overset{\cdot}{3}$ $\overset{\cdot}{2}$ $\overset{\cdot}{i}$

ing ajurit gong maguru gangsa

udhar bonangan sampak

235 356 561 612 123 235 356 53(2)

123 235 356 561 235 356 532 32(1)

8) Ending (gilakan)

vokal enfding

4 5 6 $\dot{1}$. . . $\dot{2}$ $\dot{1}$ 6 5 6 . . . 4 6 . 4 5
 . 3 4 . 2 3

Ra - sa tres-na a-sih sa- tu- hu ra-sa tres-na
 ra-sa a-sih

. 1 $\dot{7}$. . $\dot{6}$

se - ja - ti



LAMPIRAN III

DAFTAR KEPRODUKSIAN TUGAS AKHIR *PARUSA KAHYUN*



SUTRADARA	: Yudi Dodok
PIMPINAN PRODUKSI	: Karyo Gunawan
SEKRETARIS	: Vivin Ainun Mufidah
PENATA MUSIK	: Hamdan Fathusani Dika Putra Irawan Mahmud Nabiul Azhar Nadia Yahya Dedy Kurnianto Thimoteus Dewa Dharma Prakarsa Januar Rafli Kurniawan
KOORDINATOR ARTISTIK	: Bachroni
TIM ARTISTIK	: Murdiastanto Cahyo Cupito Ahmad Faisal Riswanda Irawan
LIGHTING	: Bureq Sandeq
TIM DOKUMENTASI	: Windi Sabhah Reza Chandra Ramadhana Aldino Febrianto
MAKE UP KOSTUM	: Mochammad Roni
KONSUMSI	: Divani Ajeng Pramesthi Novia Trinita Hutapea

LAMPIRAN IV

FOTO PROSES TUGAS AKHIR *PARUSA KAHYUN*



Reading naskah *PARUSA KAHYUN* yang pertama bersama sutradara, dan aktor-aktor yang telah berperan sebagai Sibu dan Warok Gunaseca.



Teknik latihan mencari cara jalan dan kebiasaan tokoh Warok Gunaseca



Mencari teknik cara duduk Warok Gunaseca agar mirip dengan tokoh aslinya.



Belajar mencari cara memandang dan melihatnya Warok Gunaseca.



Belajar memasukkan karakter, pandangan dan cara berdiri tokoh Sibü.



Latihan mengeksplore tarian pasihan tanpa menghadirkan lawan main, untuk melatih kepekaan rasa dan batin seorang aktor.



Latihan mengeksplore property yang digunakan tokoh Rara Suminten sekaligus memasukkan karakter tokoh yang lincah dan endel.

LAMPIRAN V

FOTO PEMENTASAN TUGAS AKHIR *PARUSA KAHYUN*



Tokoh Warok Gunaseca menunjukkan kegembiraannya karena putrinya Rara Suminten akan dijodohkan dengan Raden Subrata Putra Adipati Nata Kusuma.



Rara Suminten memerankan tokoh Warok Gunaseca yang memberi kabar mengenai perjodohnya dengan Raden Subrata.



Tokoh Rara Suminten tengah memerankan tokoh Sibuh yang sedang memberikan nasehat kepada Rara Suminten.



Rara Suminten masuk dalam angan-angan dan berimajinasi tengah bertemu, bertatap hingga berhubungan badan dengan Raden Subrata.



Rara Suminten marah besar telah mengetahui bahwa Raden Subrata telah menolak perjodohnya dan lebih memilih Cempluk Warsiyah untuk menjadi sandaran hatinya.



Kemurkaan Rara Suminten kian bertambah ketika mengetahui Warok Gunaseca dan Warok Suramenggala adu argument dan bertarung, hingga Warok Gunaseca kalah dan tak berdaya.



Rara Suminten merupakan seorang gadis desa biasa yang setiap harinya selalu membantu Sibul mempersiapkan makanan dan kebutuhan tiap hari.


LAMPIRAN VI

POSTER PEMENTASAN TUGAS AKHIR *PARUSA KAHYUN*



LAMPIRAN VII

UNDANGAN PEMENTASAN TUGAS AKHIR *PARUSAKAHYUN*



LAMPIRAN VIII
BIODATA PENYAJI



Nama : Catur Sri Untari
Jenis Kelamin : Perempuan
Tempat, Tgl lahir : Ponorogo, 28 April 1996
Alamat : Jl. Ontoseno, Gang 1, RT:01, RW:06, Krandegan,
Kepatihan. Kec. Ponorogo, Kab. Ponorogo.
No. Telp : 089-637-794-849
Email : caturesriu@gmail.com

Riwayat Pendidikan

TK DHARMA WANITA	LULUS TAHUN 2004
SDN 1 KEPATIHAN	LULUS TAHUN 2011
SMPN 5 PONOROGO	LULUS TAHUN 2013
RSMABI MUHAMMADIYAH 1 PONOROGO	LULUS TAHUN 2015
INSTITUT SENI INDONESIA SURAKARTA	LULUS TAHUN 2019